

**PERYÒD ENSKRIPSYON: VANDREDI 11 SEPTANM A 5:00 PM -
MADI 22 SEPTANM A 11:59 PM**



APRE LEKÒL PWOGRAM AK KLIB (K-8)

KATALÒG OTÒN
SEPTANM - DESANM 2026

Depatman Aktivite Andeyò Orè Lekòl
Rosanna Paribello, Direktè



Lekòl Leta Somerville yo ofri pwogram aprè lekòl ki bay elèv yo opòtinite pou yo dekouvri nouvo enterè, devlope konpetans epi vin gen plis konfyans nan tèt yo. Aktivite sa yo ankouraje kreyativite, koneksyon ak lòt moun, ansanm ak devlopman pèsonèl, menm apre jounen lekòl la fini.

***Nou envite tout elèv pou
eseye yon bagay nouvo ane sa a!***

**great
things
happen
beyond
the bell**

KÒD POU PLEZI

Pwogram robotik aprè lekòl nou yo bay elèv ki nan klas 5yèm rive 8yèm ane opòtinite pou yo desine, konstwi, pwograme epi patisipe nan konpetisyon atravè aktivite pratik ak defi ansanm avèk **Somerville Robotics League**.



RENMEN LATÈ

Pwogram Lidèchip Anviwònman an ankouraje elèv ki nan klas 6yèm rive 8yèm ane pase tan deyò, pran yon ti repo nan telefòn yo epi devlope bonjan amitye, pandan y ap aprann kijan pou yo pran swen planèt nou an.



JIS POU PLEZI

Atravè antrènman, match ak sipò konseye, **Soccer Without Borders** ede elèv imigran yo devlope kapasite pou travay an ekip, kominiye ak lòt moun epi fè fas ak difikilte, pandan y ap kreye lyen avèk lòt elèv ki soti nan divès orijin.



SPSCOMMUNITYSCHOOLS

\$ Lekòl Kominotè SPS (SPS Community Schools) se pwòp pwogram distri a ki fonksyone pandan tout ane lekòl la, kote fanmi yo peye yon frè pou timoun ki soti nan Pre-K rive nan 6yèm ane patisipe nan aktivite aprè lekòl ki fèt nan chak lekòl primè nou yo.

Enstriktè SPS yo dirije pwogram sa yo, epi anpil ladan ede elèv yo kontinye aprann lè yo konekte avèk pwogram etid lekòl la. Elèv yo gen tou opòtinite pou yo dekouvri nouvo aktivite enteresan ki ede yo aprann epi devlope lòt kapasite.

Pwogram sa a kòmanse premye jou lekòl la epi li kontinye jiska dènye jou klas yo. Chak jou, elèv yo soti ant 5:15 p.m. ak 5:30 p.m. Nan Mèkredi kote gen relach bonè, pwogram yo kòmanse touswit apre klas yo fini.

Enskripsyon pou Lekòl Kominotè yo fèt nan sezon prentan epi kounye an, pwogram nan rive nan kapasite maksimòm li pou ane lekòl 2026-27 la. Fanmi ki ap antre nan distri a pandan ane lekòl la ta dwe kontakte 617-625-6600 x 6970 oswa agiordano@k12.somerville.ma.us pou jwenn enfòmasyon adisyonèl.



\$ Endike yon pwogram ki mande peman



APOLLO

\$ Lekòl Leta Somerville fè kontra avèk Apollo Afterschool pou ogmante kapasite nou pou ofri sèvis gadri aprè lekòl. Apollo se yon pwogram akademik kote fanmi yo peye yon frè, epi gen èd finansyè ki disponib pou elèv ki kalifye.





ARBITER

KIJAN POU W ENSKRI

Enskripsyon pou anpil pwogram apre lekòl ap fèt atravè sistèm Arbiter Registration an (sauf si yo endike otreman).

Sit Enskripsyon Arbiter a ofri tradiksyon an Panyòl ak Pòtigè. Si ou bezwen èd avèk enskripsyon an, tanpri pran yon randevou avèk lyezon fanmi ou an.

KREYE YON KONT

Visit www.arbiter.io

- Kreye yon kont ki an sekirite sou Arbiter Registration lè w antre non w, adrès imèl ou ak modpas.
- *W ap resevwa yon imèl nan men Arbiter Registration ki pral gen yon lyen pou konfime nouvo kont ou a. Ou DWE klike sou lyen ki nan imèl la pou aktive kont Arbiter ou a. *Si ou pa wè imèl la, tanpri tcheke katab spam oswa junk ou yo.*

KONLETE ENSKRIPSYON

- Ranpli enfòmasyon yo mande sou fòm nan.
- Asire w klike sou "Save and Continue" apre chak seksyon.
- Lè ou fini pwosesis la, klike sou "Submit."
- Lè ou fin soumèt enskripsyon ou an, w ap resevwa yon imèl pou konfime ou enskri.
- Ou ka konekte ankò sou Arbiter Registration nenpòt lè pou mete enfòmasyon w ajou oswa verifye enskripsyon w yo.
- Si ou bezwen èd, rele Arbiter Registration nan 1-800-311-4060 oswa soumèt yon demann sipò sou entènèt.

Pou w enskri nan pwogram ak klib SPS, vizite tinyurl.com/SPSafterschoolFall2026

Tanpri note tout pwogram eksepte pwogram *Lekòl Kominotè SPS* yo, itilize Arbiter pou enskripsyon.

LESON VIDEYO

Klike [isit la](#) pou leson videyo an Anglè, Panyòl, Pòtigè, oswa Kreyòl Ayisyen.

KESYON YO POZE SOUVAN

Kisa k ap pase si yon klib gen yon kantite plas ki limite epi li trè popilè?

Founisè pwogram yo ap fè yon tiraj osò nan fen peryòd enskripsyon an. Yo ka mete pitit ou a sou yon lis datant.

Kisa k ap pase si pa gen ase elèv ki enskri nan yon klib?

Selon klib la, dwe gen omwen senk rive wit (5-8) elèv ki enskri pou klib la ka fonksyone. Si yo anile yon klib, n ap fè w konnen chanjman yo.

Si pitit mwen an deja enskri nan Community Schools, El Sistema oswa Apollo Afterschool, èske nou ka toujou enskri li nan yon klib oswa pwogram?

Klib ak pwogram yo ouvè pou tout elèv SPS ki kalifye epi ki pa deja enskri nan Community Schools, El Sistema oswa Apollo nan menm jou a.

Kilè m ap konnen si pitit mwen an enskri oswa si yo mete l sou lis datant la?

Founisè pwogram yo ap fè w konnen kèk jou anvan klib yo kòmanse.

E si pitit mwen an gen bezwen aksè ak medikaman ijans pandan lè aprè lekòl?

Anvan pwogram nan kòmanse, tanpri kontakte enfimyè lekòl pitit ou a pou asire Plan Administrasyon Medikaman Ijans li a ajou.

PWOGRAM SPS

Lekòl Leta Somerville travay avèk patnè nan kominote a pou ofri pwogram aprè lekòl pou elèv ki kalifye nan klas 6 pou rive 8.



POU ELÈV
PRESEGONDÈ

**SOCCER
WITHOUT
BORDERS**

*Opere pa SWB
Massachusetts

Pwogram sa a fèt pou sipòte jèn imigran ak nouvo arive. Soccer Without Borders itilize foutbòl kòm yon mwayen pou kreye sans de kominote, lidèchip, ak opòtinite. Nou kolabore avèk jèn imigran pou bati kominote, sipòte siksè akademik, epi ankouraje kwasans pèsonèl—sou teren ak deyò teren an.

Reyini sèlman Madi ak Jedi, nan Foss Park.

Pwogram sa a fèt pou elèv ki fèk rive ak elèv imigran, avèk priyorite pou elèv Winter Hill yo. Plas ki rete yo disponib pou elèv ki enskri nan tout distri a.



POU ELÈV
PRESEGONDÈ

**ENVIRONMENTAL
LEADERSHIP
PROGRAM**

*Opere pa Farrington
Nature Linc.

Environmental Leadership program nan ede elèv yo pran plezi deyò, aprann sou anviwònman an, jwe jwèt, epi kreye atizay avèk eleman nan lanati pandan y ap dekonekte soti nan telefòn yo epi konekte avèk lòt elèv. Pwogram nan gen ladan vwayaj edikatif.

Rankont yo fèt epi Madi nan East Somerville Community School epi Mèkredi nan Healey School la.

Fèt pou elèv nan klas 6 rive 8 ki satisfè kritè revni.



POU ELÈV
PRESEGONDÈ

FUTURE LAB

*Opere pa Knovva Academy.

Pwogram sa a (oswa yon pwogram ki sanble avè l) pral finalize byento epi l ap kòmanse pita nan sezon otòn nan. N ap fè fanmi elèv nan nivo presegondè yo konnen lè enskripsyon ap louvri.

Atravè pwojè pratik, aktivite enteresan, pwomnad edikatif, ak jwèt, elèv yo pral eksplòre diferan domèn karyè yo, prepare pou kolèj, epi patisipe nan eksperyans antreprenarya ki ede devlope lidèchip, travay an ekip, epi dekouvè pwòp tèt yo.

Fèt pou elèv ki nan klas 6 a 8, epi li fèt espesyalman pou sipòte elèv k ap prepare pou ale nan inivèsite ki se premye moun nan fanmi yo k ap fè sa, ansanm ak lòt gwoup ki pa byen reprezante nan edikasyon siperyè.



KLIB SPS

Klib ki fonksyone nan lekòl yo se gwoup patnè nan kominote a ki dirije yo (sauf si yo endike otreman); yo reyini chak semèn aprè lekòl lage, epi elèv yo soti dirèkteman nan salklas yo pou ale nan sal aktivite klib la. Yo pa fèt pou sèvi kòm yon sèvis gadri a plen tan oswa chak jou aprè lekòl.

Chak lekòl ap gen aksè ak diferan kalite klib.



BALLET ROX

BalletRox entwodui elèv yo ak plizyè stil dans epi li akeyi elèv nan tout nivo. Pa gen eksperyans nesèsè, epi debutan yo byenveni. Pa bezwen soulye oswa rad espesyal.



BUILDWAVE

Buildwave® se yon klib ki ede pitit ou dekouvri kreyativite li ak kapasite li pou l pa dekouraje. Pandan chak klas, pitit ou ap resevwa yon seri materyèl youn apre lòt li pral renmen, tankou blòk, brik, ak lòt pyès pou travay avèk men li.



CHA TEEN HEALTH ADVISORY

CHA Teen Health Advisory konsantre sou sante adolesan, kominote, ak defans dwa yo. Nan chak sesyon ap gen aktivite pou mete moun alèz, jwèt, ak atizana. Elèv ki antre nan klib la ap deside ansanm ki sijè sante yo vle abòde nan kominote a.



CHESS WIZARDS

Chess Wizards ofri yon kourikoulòm ki baze sou dekouvèt ki ankouraje elèv yo panse avan, vizyalize objektif yo, trete lòt moun ak respè, epi aprann nan erè yo. Echèk se plis pase yon jwèt pou genyen oswa pèdi—nou fè aprann Chess Wizards vin amizan!



DANGER WIZARD

Danger Wizards montre timoun yo kijan pou yo jwe Dungeons and Dragons, yon jwèt ewoik ki baze sou wòl, kreyativite, ak imajinasyon.



GIRLSTART

Girlstart bay tifi ki nan 4yèm rive 5yèm ane yon pwogram anrichisman amizan ki devlope konfyans yo atravè aktivite pratik nan STEM. Girlstart ankouraje tifi yo tou pou pouswiv etid siperyè epi dekouvri opòtinite karyè nan domèn STEM.



PRETZEL KIDS YOGA

Pretzel Kids Yoga prezante yoga ak pratik konsyans (mindfulness) bay timoun nan yon fason ki amizan epi entèaktif. Pwogram nan konbine pozisyon yoga tradisyonèl, egzèsis respirasyon, ak teknik meditasyon avèk jwèt, istwa, ak mizik pou estimile imajinasyon timoun yo epi ankouraje byennèt fizik ak mantal yo.



SOMERVILLE ROBOTICS LEAGUE

Pou elèv ki nan klas 5 rive 8, pwogram robotik entèn nan lekòl la itilize twous robo LEGO SPIKE Prime pou yon seri aktivite ak fòmasyon, anvan elèv lekòl segondè k ap sèvi kòm antrenè yo prezante jwèt anyèl. Nan fen pwogram nan, tout ekip yo patisipe nan yon konpetisyon jwèt nan lekòl segondè Somerville oswa yo prezante pwojè inovasyon yo.

Somerville Robotics League dirije pa manm pèsònèl SPS yo ansanm ak elèv lekòl segondè ki fè pati ekip FRC6201 Highlanders Robotics la—yon ekip ki genyen prim.



SPANISH FUN PROGRAM

Aprann Panyòl atravè metòd entèaktif tankou jwèt amizan, kwizin, jwèt wòl, ak dans. Dekouvri peyi ki pale Panyòl lè w fè pwojè ak selebre tradisyon yo.



YOGA FUN WITH ELISA HURLEY YOGA

Yoga Fun entwodui timoun yo ak yoga ak meditasyon konsyan atravè jwèt, istwa, ak imajinasyon yo, ede yo devlope fòs, fleksibilite, konsyans kò, kapasite pou konsantre, ak plis ankò.

PLIS OPÒTINITE NAN SPS!



Espò pou Elèv Lekòl Presegondè (Klas 6, 7, 8)

Enskripsyon pou espò sezon ivè nan nivo presegondè (baskètbòl pou gason ak fi) ap kòmanse 1ye Oktòb. Elèv yo gen dwa tou pou patisipe nan seyans seleksyon pou ekip natasyon SHS, ekip baskètbòl pou tifi, ansanm ak ekip hockey pou tigason. Pou plis enfòmasyon, kontakte [Indira Evora](#).



Gwoup Mizik Lekòl Presegondè tout Vil la (Klas 6, 7, 8)

Elèv Presegondè yo ka patisipe nan plizyè gwoup mizik pou tout vil la sou envitasyon pwofesè yo. Gwoup sa yo gen ladan Koral Lekòl Presegondè tout Vil la, Gwoup Enstriman Lekòl Presegondè tout Vil la, ak Òkès Lekòl Presegondè tout Vil la. Pou plis enfòmasyon, kontakte [Beverly Mosby](#).



Pwogram Mizik El Sistema Somerville (Klas 3-8)

El Sistema Somerville se yon pwogram mizik aprè lekòl chak jou ki bay ansèyman mizik an gwoup pou elèv SPS nan lekòl elemantè ak klas presegondè, klas 3yèm rive 8yèm ane. Pwogram nan ofri etid entansif sou enstriman a fisèl, van, ak kwiv atravè repetisyon òkès, seksyon espesyal, klas mizik ak teknik, chanm mizik, ak leson prive. Pwogram sa a ap dewoule depi lendi jiska vandredi nan East Somerville Community School. Pou plis enfòmasyon, kontakte [Rosalyn Taylor](#).



Endike yon pwogram ki mande peman

PWOGRAM AK KLIB PA LEKÒL

Chèche konnen kisa y ap ofri nan lekòl ou a!

* Pou jwenn enfòmasyon sou
klib pwofesè yo dirije, pale avèk
pwofesè pitit ou a oswa avèk
lyezon fanmi ou a!

ENSKRIPSYON AN PAP FÈT SELON PRENSIP “PREMYE VINI, PREMYE SÈVI.”

SI SA NESESÈ, FOUNISÈ PWOGRAM YO AP FÈ YON TIRAJ OSÒ NAN FEN PERYÒD ENSKRIPSYON AN.

ALBERT F. ARGENZIANO SCHOOL

Ballet Rox (K-5)

Lendi, 2:35 - 3:35 pm. Kòmanse 5 Oktòb.

Buildwave (K-5)

Madi, 2:35 - 3:35 pm. Kòmanse 5 Oktòb.

Danger Wizard (6-8)

Jedi, 2:35 - 3:35 pm. Kòmanse 5 Oktòb.

Somerville Robotics League (5-8)

Lendi, 2:45 - 4:30 pm (Septanm-Desanm).

Kòmanse 28 Septanm.

ARTHUR D. HEALEY SCHOOL

Girlstart (4-5)

Lendi, 2:35 - 3:35 pm. Kòmanse 5 Oktòb.

Ballet Rox (K-5)

Madi, 2:35 - 3:35 pm. Kòmanse 5 Oktòb.

CHA Teen Health Advisory (7-8)

Jedi, 2:35 - 4:00 pm. Kòmanse 5 Oktòb.

Somerville Robotics League (5-8)

Lendi, 2:45 - 4:30 pm (Septanm-Desanm).

Kòmanse 28 Septanm.

Environmental Leadership Program (6-8)

Mèkredi, 1:00 - 3:00 pm. Kòmanse 5 Oktòb.

Danger Wizard (5-8)

Vandredi, 2:35 - 3:35 pm. Kòmanse 5 Oktòb.

BENJAMIN G. BROWN SCHOOL

Yoga Fun with Elisa Hurley Yoga (K-2)

Lendi, 2:35 - 3:35 pm. Kòmanse 5 Oktòb.

Spanish Fun Program (K-2)

Mèkredi, 1:00 - 2:00 pm. Kòmanse 5 Oktòb.

Ballet Rox (K-2)

Jedi, 2:35 - 3:35 pm. Kòmanse 5 Oktòb.

Chess Wizards (K-2)

Madi, 2:35 - 3:35 pm. Kòmanse 5 Oktòb.

Somerville Robotics League (5)

Jedi, 2:45 - 4:30 pm (Septanm-Desanm).

Kòmanse 28 Septanm.

Buildwave (K-2)

Vandredi, 2:35 - 3:35 pm. Kòmanse 5 Oktòb.

EAST SOMERVILLE COMMUNITY SCHOOL

Spanish Fun Program (K-5)

Lendi, 2:35 - 3:35 pm. Kòmanse 5 Oktòb.

Yoga Fun with Elisa Hurley Yoga (K-2)

Madi, 2:35 - 3:35 pm. Kòmanse 5 Oktòb.

Chess Wizards (K-5)

Mèkredi, 1:00 - 2:00 pm. Kòmanse 5 Oktòb.

Somerville Robotics League (5-8)

Lendi, 2:45 - 4:30 pm (Septanm-Desanm).
Kòmanse 28 Septanm.

Environmental Leadership (6-8)

Madi, 2:45 - 4:45 pm. Kòmanse 5 Oktòb

Buildwave (K-5)

Jedi, 2:35 - 3:35 pm. Kòmanse 5 Oktòb.

JOHN F. KENNEDY SCHOOL

Danger Wizard (6-8)

Lendi, 2:35 - 3:35 pm. Kòmanse 5 Oktòb.

Spanish Fun Program (K-2)

Madi, 2:35 - 3:35 pm. Kòmanse 5 Oktòb.

Chess Wizards (3-5)

Vandredi, 2:35 - 3:35 pm. Kòmanse 5 Oktòb.

Somerville Robotics League (5-8)

Lendi, 2:45 - 4:30 pm (Septanm-Desanm).
Kòmanse 28 Septanm.

Buildwave (K-2)

Mèkredi, 1:00 - 2:00 pm. Kòmanse 5 Oktòb.

WEST SOMERVILLE NEIGHBORHOOD SCHOOL

Buildwave (K-5)

Lendi, 2:35 - 3:35 pm. Kòmanse 5 Oktòb.

Ballet Rox (K-5)

Mèkredi, 1:00 - 2:00 pm. Kòmanse 5 Oktòb.

Spanish Fun Program (K-5)

Vandredi, 2:35 - 3:35 pm. Kòmanse 5 Oktòb.

Somerville Robotics League (5-8)

Lendi, 2:45 - 4:30 pm (Septanm-Desanm).
Kòmanse 28 Septanm.

Pretzel Yoga (K-5)

Jedi, 2:35 - 3:35 pm. Kòmanse 5 Oktòb.

WINTER HILL COMMUNITY INNOVATION SCHOOL

Soccer Without Borders (7-8)

Madi ak Jedi, 3:00 - 5:00 pm.
Kòmanse 24 Septanm.

Chess Wizards (3-5)

Madi, 2:35 - 3:35 pm. Kòmanse 5 Oktòb.

Spanish Fun Program (K-5)

Jedi, 2:35 - 3:35 pm. Kòmanse 5 Oktòb.

Somerville Robotics League (5-8)

Lendi, 2:45 - 4:30 pm (Septanm-Desanm).
Kòmanse 28 Septanm.

Danger Wizard (6-8)

Mèkredi, 1:00 - 2:00 pm. Kòmanse 5 Oktòb.

Katalòg sezon Ivè ap disponib an Novanm.

